

Ki kalite Règleman:	PIBLIK	Kategori: Jesyon Revni
Tit:	Règleman Asistans Finansye	Règleman #: 1001
Paj:	1 sou 10	Ranplase #: 5706-0504
Dat Nimewo:	1^{me} Oktòb 2016	Devlope pa: 
Dat revizyon:	03/2018	Apwouve pa: Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni Organis otorize nan Konsèy Administrasyon Orlando Health

I. **RÈGLEMAN:**

Orlando Health gen yon estrateji pou tabli pwosesis Asistans Finansye ki pran responsabilite egalego nan lide pou bay sèvis swen sante a manm nan kominote a ki pa gen mwayen pou peye pou tretman dijans oswa pou tretman ki nesesè sou plan medikal. Pwogram Asistans Finansye Orlando Health la reponn nan fason pozitif a bezwen kominote a, kèlkanswa laj, sèks, reliyion, andikap, ras ak gwoup etnik.

II. **DEFINISYON**

Lè yo itilize yo nan règleman sa a tèm sa yo gen siyifikasyon annapre la yo:

- A. Montan yo Chaje Anjeneral (AGB, Amounts Generally Billed): Montan yo chaje anjeneral pou ijans oswa lòt swen nesesè sou plan medikal ke yo bay moun ki gen asirans.
- B. Peryòd Aplikasyon: Peryòd kote Orlando Health dwe aksepte epi travay sou yon aplikasyon pou asistans finansye annakò ak FAP li a ke yon moun soumèt dekwa pou li te fè ase efò pou jwenn si wi ou non moun nan kalifye pou asistans finansye dapre règleman an. Peryòd Aplikasyon an kòmanse nan dat yo bay swen an epi li fini nan sa ki pi lwen an ant 240^{èm} jou apre dat yo bay premye bòdwo apre egzeyat la oswa 30 jou omwen apre Orlando Health bay moun nan yon avi alekri ki fikse yon dat limit kote apre dat sa, yo gendwa tanmen ECA yo.
- C. Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè (ECA, Extraordinary Collection Actions): Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè Orlando Health pran kont yon moun anrapò ak efò pou jwenn peman yon bòdwo pou swen ki kouvri dapre FAP Orlando Health la ki mande yon pwosesis legal oswa jidisyè oswa ki konsènen vann dèt la ba yon lòt antite oswa rapòte enfòmasyon negatif sou moun nan ba ajans rapò kredi konsomatè oswa biwo kredi yo.
- D. Règleman Asistans Finansye (FAP, Financial Assistance Policy): Règleman Asistans Finansye Orlando Health:
- E. Moun ki kalifye pou FAP: Yon moun ki kalifye pou asistans finansye dapre FAP Orlando Health la (san konsidere si wi ou non moun nan te aplike pou asistans nan kad FAP a).
- F. Garan: Moun k ap resevwa swen an ak/oswa moun ki responsab pou zafè lajan an.
- G. Pasyan/Ajan/Reprezantan Legal: Yon moun, dapre lwa ki aplike nan sitiyasyon sa, ki gen otorite pou aji onon yon moun. Yon reprezantan legal kapab yon ranplasan, mandatè, gadyen pou desizyon swen sante, oswa paran osinon yon lòt moun k ap aji nan plas yon paran (in loco parentis) pou yon minè ki pa-emansipe, oswa yon egzekitè oubyen administratè byen.

III. **PWOSEDI**

- A. Obligasyon
 - 1. Orlando Health repekte seksyon 501(r) nan Kòd Revni Entèn (Internal Revenue Code) ki egzije pou òganizasyon lopital yo tabli yon règleman asistans finansye alekri. Yon

Ki kalite Règleman:	PIBLIK	Kategori: Jesyon Revni
Tit:	Règleman Asistans Finansye	Règleman #: 1001
Paj:	2 sou 10	Ranplase #: 5706-0504
Dat Nimewo:	1^{me} Oktòb 2016	Devlope pa: 
Dat revizyon:	03/2018	Apwouve pa: Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni Öganis otorize nan Konsèy Administrasyon Orlando Health

Organizasyon lopital se yon òganizasyon yo rekonèt (oswa k ap chèche pou yo rekonèt li) jan sa dekri nan seksyon 501(c)(3), k ap opere yonn oswa plizyè etablisman lopital.

2. Konsey Administrasyon oswa yon òganis otorize lopital ki gen egzansyon pou taks la dwe apwouve règleman sa a.
3. Tout doktè ki anplwaye nan Orlando Health yo dwe swiv Règleman Asistans Finansye Orlando Health la (FAP, Financial Assistance Policy). Founisè swen ki sou Kontra, founisè Kominotè/Prive pa oblige patisipe nan pwogram asistans finansye Orlando Health la. Yon mete sou sit entènèt Orlando Health la yon lis doktè ki anplwaye nan Orlando Health. Anplisdesa, ou ka jwenn sou sit entènèt nou an yon lis ki gen tout founisè ki bay swen dijans oswa lòt swen ki nesesè sou plan medikal nan etablisman lopital yo, oswa y ap fè w jwenn lis la gratis si w mande. Konsilte lyen dokiman sipò ki nan fen règleman sa a.
4. FAP ak aplikasyon Orlando Health la disponib fasilman pou pasyan, vizitè ak manm kominote a ke nou sèvi yo. Y ap mete aladispozisyon yo kopi sou papye pou FAP, tiliv Resous Finansye pou Pasyan an, ak Rezime nan Langaj Klè a si yo fè demann lan pa lapòs, nan anplasman biwo dafè admisyon ak ijans yo, menm jan ak sou sit entènèt Orlando Health la tou san okenn frè. Yo pral fè Rezime nan Langaj Klè a ak tiliv la disponib nan zòn piblik yo nan lopital yo. Konsilte lyen dokiman sipò ki nan fen règleman sa a.
5. Y ap ofri pasyan yo yon kopi dokiman FAP a ak Rezime nan Langaj Klè a sou papye lè y ap entènen oswa nan egzeyat.
6. FAP a disponib ann Anglè ak nan lang prensipal rezidan ki reprezante pi piti pase 5% nan kominote nou sèvi a osinon 1,000 moun pa lopital nou yo. Orlando Health pral fè yon analiz chak ane sou lang ki parèt nan kominote nou an. Ou ka jwenn tradiksyon FAP a, Rezime nan Langaj Klè a, ak tiliv la nan lyen dokiman sipò yo ki disponib nan fen règleman sa a.
7. Montan yo Chaje Anjeneral (AGB, Amounts Generally Billed): Yo fè yon kalkil grasa yon metòd egzamen ki febak pou gade reklamasyon sou 12 mwa pou swen ijans ak lòt swen ki nesesè sou plan medikal ke Medicare ak lòt konpayi asirans sante yo otorize, epi apresa yo kalkile yon pouvantaj rabè an mwayèn. % AGB egal a sòm tout peman admisib pandan peryòd 12 mwa anvan an divize pa sòm tout chaj brit reklamasyon sa yo pandan peryòd 12 mwa anvan. Chaj brit yo se pri konplè yon etablisman lopital fikse pou swen medikal ke etablisman lopital la chaje sistematikman tout pasyan egzakteman menm jan anvan yo aplike kenpòt ajisteman kontra asirans, rabè oswa dediksyon. Orlando Health revize AGB a chak ane.
 - a. Yo kalkile responsablite finansye Pasyan/Garan an nan fason sa:
 - (1) Total Frè x Pousantaj Rabè Mwayen Kalkile = Responsablite Pasyan

Ki kalite Règleman:	PIBLIK	Kategori: Jesyon Revni
Tit:	Règleman Asistans Finansye	Règleman #: 1001
Paj:	3 sou 10	Ranplase #: 5706-0504
Dat Nimewo:	1^{me} Oktòb 2016	Devlope pa: 
Dat revizyon:	03/2018	Apwouve pa: Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni Organis otorize nan Konsèy Administrasyon Orlando Health

- (2) Yon moun ki kalifye pou FAP, ki te resevwa swen pou ijans oswa lòt swen ki nesesè pou rezon medikal dapre règleman sa a, yo p ap janm chaje li plis pase montan sa.
8. Pou mande pousantaj rabè reyèl ki aplike pou lopital ou chwazi a, tanpri kontakte ekip Asistans Finansye Orlando Health nan 321.843.8955. Manm piblik la ka jwenn fasilman pousantaj ak deskripsyon AGB yo alekri gratis pa lapòs nan: Orlando Health Patient Access – Financial Assistance Team/ 3160 Southgate Commerce Boulevard, suite 40/ Mail Point 198/ Orlando, Florida 32806 oswa pa imèl nan FinancialAssistance@orlandohealth.com.
9. Kòm lopital ansèyman prive, ki pa la pou fè pwofi, Orlando Health founi swen sante konplè pou rezidan ak vizitè zòn Santral Florida. Yo founi sèvis pou tout moun san distensyon kèlkanswa laj, sèks, reliyon, andikap, ras ak gwoup etnik.
10. Annakò ak Lwa sou Tretman Medikal Dijans ak Travay (EMTALA, Emergency Medical Treatment and Labor Act), yo pa pral refize moun tretman lè yo soufri yon ijans medikal reyèlman, kèlkanswa kapasite yo gen pou peye. Orlando Health pa pral fè mannèv ki dekoraje moun chèche swen medikal pou ijans, tankou pa egzant mande pou pasyan depatman dijans yo peye anvan yo resevwa tretman pou pwoblèm medikal dijans oswa pèmèt aktivite koleksyon dèt ki anpeche founi swen medikal pou ijans san diskriminasyon. Doktè k ap fè tretman an pral deside pwoblèm ijans yon pasyan baze sou eksperyans li, fòmasyon ak kòd moralite li.
11. Doktè k ap fè tretman an pral deside swen ki nesesè sou plan medikal baze sou eksperyans li, fòmasyon ak kòd moralite li.
12. Pou tout pwosedi yo chwazi fè ak sa ki planifye yo, Orlando Health gendwa sèvi ak dwa li genyen pou ranvwaye sèvis pou Pasyan/Ajan ki pa vle peye tout responsablitè finansyè yo genyen oswa ki pa vle angaje yo pou yon plan peman ki rezonab. Yon Pasyan/Ajan/Reprezantan Legal se yon moun, dapre lwa ki aplike nan sitiyasyon sa, ki gen otorite pou aji onon yon moun. Yon reprezantan legal kapab yon ranplasan, mandatè, gadyen pou desizyon swen sante, oswa paran osinon yon lòt moun k ap aji nan plas yon paran (in loco parentis) pou yon minè ki pa-emansipe, oswa yon egzekitè oubyen administratè byen.

B. Gid Federal sou Povrete

- Montan minimòm yo fikse pou revni anvan taks ke yon fanmi bezwen pou manje, rad, transpò, lojman ak lòt nesesite. Otazini se Depatman Sante ak Sèvis Sosyal ki kalkile nivo a.
- Chak ane, gouvnèman federal la tabli giv revni ki povrete pou ane a epi li pibliye yo nan Rejis Federal. Pwogram asistans finansye Orlando Health la sèvi ak gid sa yo lè y ap deside kalifikasyon pou swen gratis. Yo pral sèvi ak gid ki pi resan an lè y ap seleksyon pasyan pou swen gratis. Konsilte lyen dokiman sipò ki nan fen règleman sa a.

Ki kalite Règleman:	PIBLIK	Kategori: Jesyon Revni
Tit:	Règleman Asistans Finansye	Règleman #: 1001
Paj:	4 sou 10	Ranplase #: 5706-0504
Dat Nimewo:	1^{me} Oktòb 2016	Devlope pa: 
Dat revizyon:	03/2018	Apwouve pa: Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni Óganis otorize nan Konsèy Administrasyon Orlando Health

- 3. Moun oswa kay ki nan 225% Nivo Povrete Federal oswa ki pi ba (FPL, Federal Poverty Guidelines) ap kalifye pou Asistans Finansye pou tout responsablite finansye yo.
 - 4. Dapre sa ki prevwa nan 501(r), Orlando Health oblige mete limit nan chaj yo pou pasyan ke yo jwenn ki kalifye pou asistans finansye.
- C. Kalifikasyon
- 1. Pasyan/Moun ki bay garanti (moun k ap resevwa swen yo ak/oswa moun ki responsab pou zafè lajan an) ki vle pou yo konsidere posiblite asistans finansye pou yo, yo oblige fè pwoesis aplikasyon an epi bay enfòmasyon sa yo:
 - a. Tout non legal
 - b. Revni kay la pou peryòd 12 mwa anvan an
 - c. Kantite moun ki nan kay la
 - d. Fòm enkòm taks oswa lòt fòm konfirmasyon revni, tankou fòm W2, dokiman IRS 1099, souch chèk, ak etadkont labank
 - e. Sètifikasyon siyati sou Aplikasyon Eta Finans Moun ki bay garanti a (GFSA, Guarantor Financial Statement Application).
 - f. Ou ka jwenn yon lyen elektwonik pou aplikasyon an nan dokiman sipò yo nan fen règleman sa a.
 - 2. Yo pral ofri asistans finansye a Pasyan/Moun ki bay garanti, ki ranpli kondisyon pou kalifikasyon e ki abite nan zòn jeyografik Orlando Health bay sèvis.
 - 3. Sitwayen Ameriken ki gen yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN, Social Security Number) valab ki abite deyò zòn jeyografik kote Orlando Health bay sèvis ak pasyan etranje ki otorize legalman ki te resevwa nimewo ID leta pou Taks (TIN, Tax ID Number), moun sa yo kalifye pou yo konsidere posiblite asistans pou yo. Yo dwe bay dokiman pou jistifye konsiderasyon an epi apwobasyon ap fèt apa pou chak ka.
 - 4. Y ap anvizaje posiblite swen gratis pou moun ki respekte kondisyon ki mansyonen nan FAP sa a.
 - a. Moun ki pa respekte kondisyon FAP sa a, yo gendwa konsidere yo pa kalifye. Anplis ke yo dwe ranpli lòt kondisyon ki dekri nan règleman sa a, Pasyan/Moun ki bay garanti yo dwe kolabore pou bagay sa yo:
 - a. Pasyan/Moun ki bay garanti yo dwe kolabore pou bay tout enfòmasyon ki soti lòt kote tankou enfòmasyon Veyikil amotè oswa lòt enfòmasyon aksidan, demann pou Kowòdinasyon Benefis (COB, Coordination of Benefits), oswa lòt enfòmasyon ki nesesè pou deside sou reklamasyon, elatriye
 - b. Pasyan/Moun ki bay garanti ke yo jwenn ki gen bagay ki fè yo kalifye pou Medicaid dwe kolabore avèk pwoesis Medicaid ki annatant. Pou resevwa asistans finansye nan swen sante, pasyan an dwe aplike pou asistans Medicaid epi li jwenn refi pou nenpòt lòt rezon apade sa ki annapre la yo:
 - 1) Pa te aplike.

Ki kalite Règleman:	PIBLIK	Kategori: Jesyon Revni
Tit:	Règleman Asistans Finansye	Règleman #: 1001
Paj:	5 sou 10	Ranplase #: 5706-0504
Dat Nimewo:	1^{me} Oktòb 2016	Devlope pa: 
Dat revizyon:	03/2018	Apwouve pa: Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni Organis otorize nan Konsèy Administrasyon Orlando Health

- 2) Pa te fin fè tout pwosesis aplikasyon an.
- 3) Pa te bay verifikasyon ke yo mande.
- 5. Yo ka refize Asistans Finansye a si gen ase dout ki fè kwè aplikasyon an pa kòrèk. Si Pasyan/Moun ki bay garanti a bay dokiman ki nesesè yo ak enfòmasyon yo mande pou fè eklèsisman sou enfòmasyon yo, yo ka rekonsidere aplikasyon an. Yo pral egzaminen epi okipe de chak ka apa nan posiblité pou rekonsidere a.
- 6. Yo sipoze pasyan kalifye pou asistans finansye dapre sikontans espesyal, pa egzant pasyan egzeyate ke yo voye nan yon etablisman swen enfimye kalifye, pasyan ki mouri ki pa gen byen ak pasyan ki sanzabri ofisyèlman. Y ap bay 100% asistans finansye a Pasyan/Moun ki bay garanti yo jwenn ki gen rezon ki anfavè kalifikasyon pou asistans finansye. Pasyan kalifye sa yo ap resevwa swen gratis.
- 7. Pou ede jwenn si wi ou non yon pasyan sanble pwouve li kalifye pou asistans finansye, Orlando Health ka sèvi ak resous pou sipozisyon kalifikasyon pou asistans finansye (pa egzant teknoloji, òganizasyon ki bay sèvis).
- 8. Orlando Health ka sèvi ak mwayen elektwonik, pa egzant enfòmasyon biwo kredi, pou verifye si wi ou non yon Pasyan/Moun ki bay garanti pa gen kapasite pou peye.

D. Pwosesis Aplikasyon

1. Pasyan ka resevwa èd pou pwosesis aplikasyon an avèk metòd ki annapre la yo:
 - a. Konseye Finansye yo disponib nan anplasman biwo dafè Orlando Health yo pral ede pasyan yo ranpli fòm aplikasyon an, anvan yo entène, pandan yo entène ak apre yo te entène lopital.
 - b. Reprezantan Asistans Finansye yo disponib Lendi – Vandredi, 8:00 am – 4:30 pm. Ou ka jwenn yo pa telefòn nan 321.843.8955, oswa pa imèl nan: FinancialAssistance@orlandohealth.com.
2. Pasyan kapab aplike pou Asistans Finansye nan fason sa yo:
 - a. Ranpli ak soumèt yon Aplikasyon Eta Finans Moun ki bay garanti a (GFS, Guarantor Financial Statement Application) ba Orlando Health pou evalyasyon.
 - b. Pandan pasyan an entène lopital, reprezantan yo disponib pou ofri asistans pou ranpli GFS.
 - c. Mande GFS a alekri oswa jwenn li sou sit entènèt Orlando Health la oswa ale an pèsòn nan yon etablisman Orlando Health.
 - d. Yo ka mande pou Pasyan/Moun ki bay garanti yo bay kopi fòm enkòm taks si sa nesesè.
 - e. Konsilte lyen dokiman sipò ki nan fen règleman sa a.

E. Desizyon

1. Pou jwenn plis detay konsilte Règleman sou Bòdwo ak Koleksyon pou Pasyan Orlando Health (Peye Limenm) ki disponib nan lyen dokiman sipò ki nan fen règleman sa a.

Ki kalite Règleman:	PIBLIK	Kategori: Jesyon Revni
Tit:	Règleman Asistans Finansye	Règleman #: 1001
Paj:	6 sou 10	Ranplase #: 5706-0504
Dat Nimewo:	1^{me} Oktòb 2016	Devlope pa: 
Dat revizyon:	03/2018	Apwouve pa: Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni Organis otorize nan Konsèy Administrasyon Orlando Health

2. Orlando Health pral egzaminen aplikasyon pou Asistans finansye yo pou wè si yo konplè e kòrèk, pandan "Peryòd Apre Egzeyat ak Peryòd Aplikasyon". Sa se peryòd kote Orlando Health dwe aksepte epi travay sou aplikasyon pou Asistans Finansye ke Pasyan/Moun ki bay garanti soumèt. Peryòd sa a fini apre 240^{yenm} jou apre premye etadkont pasyan apre egzeyat. Reprezantan Kontablite Pasyan yo pral egzaminen pou fè sa ki annapre la yo:
 - a. Konfime enfòmasyon sou revni ak depans kay la.
 - 1) Revni fanmi an, ankontan men se pa sa sèlman, salè, benefis sekirite sosyal, benefis grèv, benefis chomaj, sipò timoun, eritaj, pansyon alimantè, revni mari/madanm, benefis Konpansasyon Travayè, benefis pansyon andikap, dividann envestisman, ak enterè. Pasyan/Moun ki bay garanti a dwe mete tou revni total anvan taks pou tout manm fanmi k ap travay nan kay la ankontan moun ki poko gen laj 18 an.
 - 2) Moun nan kay la gen ladan pasyan, mari/madam, ak timoun natirèl oswa adoptif ki poko gen laj 18 an. Si yon depandan andikape epi li gen plis pase 18 an, li antre nan gwochè fanmi an.
 - b. Si aplikasyon an pa konplè:
 - 1) Orlando Health pral bay Pasyan/Moun ki bay garanti a yon avi alekri ki dekri enfòmasyon anplis ak/oswa dokiman ki nesesè pou fin fè tout aplikasyon pou Asistans Finansye a.
 - 2) Orlando Health pral bay Pasyan/Moun ki bay garanti a yon avi alekri omwen ki kominike pwosesis koleksyon y ap tanmen si yo pa peye reklamasyon an(yo).
 - c. Ekip jesyon Kontablite Pasyan ap baze sou kritè annapre la yo pou apwouve aplikasyon an:
 - 1) Si enfòmasyon revni anyèl, depans ak dokiman sipò kay la ki konfime montre yon revni ki nan 225% Nivo Povrete Federal ki pi resan an pou gwochè fanmi yo bay la, kont lan(yo) ap kalifye annantye pou Asistans finansye.
 - 2) Yo pral voye bay Pasyan/Moun ki bay garanti a yon lèt apwobasyon ki gen detay presi.
 - d. Si aplikasyon an pran refi, reprezantan Kontablite Pasyan yo pral kontinye nan fason konsa:
 - 1) Y ap fè ase efò pou kontakte li pou voye yon Lèt Refi bay Pasyan/Moun ki bay garanti a.
 - 2) Kontinye ak pwosesis nòmal mouvman koleksyon.
3. Aksyon Koleksyon Ekstraodinè yo (ECA, Extraordinary Collection Actions) se mezi Orlando Health ka pran sizoka peman pa fèt epi ou ka jwenn li an detay nan Règleman sou Bòdwò ak Koleksyon pou Pasyan (Peye Limenm). Sa yo se efò koleksyon ki mande pwosesis legal oswa

Ki kalite Règleman:	PIBLIK	Kategori: Jesyon Revni
Tit:	Règleman Asistans Finansye	Règleman #: 1001
Paj:	7 sou 10	Ranplase #: 5706-0504
Dat Nimewo:	1^{me} Oktòb 2016	Devlope pa: 
Dat revizyon:	03/2018	Apwouve pa: Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni Óganis otorize nan Konsèy Administrasyon Orlando Health

jidisye ankontan pwochè, dwa legal sou rezidans, arrestasyon, manda arè sivil oswa lòt pwosesis koleksyon menm jan.

- a. Orlando Health deklare yon Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè kòm yon rapò negatif ba yon ajans rapò kredi onon Pasyan/Moun ki bay garanti a.
- b. Orlando Health bay tèt li dwa pou vann yon dèt ba yon ajans ekstèn pou chèche rezoud peman.

F. Esklizyon

Asistans Finansye pa aplike pou:

- a. Swen ochwa ki pa nesesè sou plan medikal.
- b. Pwogram pake pri spesyal tankou kosmetik, baryatrik, elatriye.
- c. Lòt sèvis ki pa nesesè sou plan medikal dapre règleman an.

G. Mete Piblik la okouran

1. Orlando Health ap avèti ak enfòme manm kominate li sèvi a sou FAP nan yon fason ki kalkile lojikman pou rive jwenn moun ki gen plis chans bezwen asistans finansye nan men etablisman an.
2. Orlando Health pral fè enfòmasyon yo disponib nan bon
 - a. aktivite sensibilizasyon kominotè.
 - b. Yo ap fè enfòmasyon yo disponib e rann yo piblik pou vizitè etablisman an nan ansèy dijital ak tiliv sou papye.

H. Kouvèti

Règleman Asistans Finansye a aplike nan lopital apa sa yo andedan Orlando Health:

- a. Orlando Health Orlando Regional Medical Center
- b. Orlando Health Dr. P Phillips Hospital
- c. Orlando Health South Seminole Hospital
- d. Orlando Health Arnold Palmer Hospital
- e. Orlando Health Winnie Palmer Hospital
- f. Orlando Health UF Health Cancer Center
- g. Orlando Health Health Central Hospital

I. Gen enfòmasyon anplis ki disponib pa mwayen sa ki annapre la yo:

Sitwèb	http://www.orlandohealth.com/patients-and-visitors/patient-financial-resources/financial-assistance-program
Telefòn	321.843.8955
Pa lapòs	Orlando Health Patient Access

Ki kalite Règleman:	PIBLIK	Kategori: Jesyon Revni
Tit:	Règleman Asistans Finansye	Règleman #: 1001
Paj:	8 sou 10	Ranplase #: 5706-0504
Dat Nimewo:	1^{me} Oktòb 2016	Devlope pa: 
Dat revizyon:	03/2018	Apwouye pa: Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni Óganis otorize nan Konsèy Administrasyon Orlando Health

	<p>Attn: Financial Assistance Team 3160 Southgate Commerce Boulevard Suite 40 , Mail Point 198 Orlando, FL 32806 407.734.2675</p> <p>Professional Services Central Business Office (Physician Billing) 4401 S. Orange Avenue, Suite 113 Orlando, Florida 32806 321. 841.3900</p>
An Pèsòn	<p>Louvri Lendi – Vandredi, 8:00 am – 4:30 pm</p> <p>Orlando Health Patient Accounting Central Business Office 3090 Caruso Court, Suite 20 Orlando, FL 32806 407.734.2675</p> <p>Professional Services Central Business Office (Physician Billing) 4401 S. Orange Avenue, Suite 113 Orlando, Florida 32806 321.841.3900</p> <p>Orlando Health Arnold Palmer Hospital for Children 92 West Miller Street Orlando, FL 32806-2032 407.649.9111</p> <p>Orlando Health Arnold Palmer Hospital Pediatric Rehabilitation Services 1555 Howell Branch Road, Suite B1 Winter Park, FL 32789-1155 407.649.9111</p> <p>Orlando Health Dr. P Phillips Hospital 9400 Turkey Lake Road Orlando, FL 32819-8001 407.351.8500</p> <p>Health Central 10000 W. Colonial Drive Ocoee, FL 34761-3498 407.296.1000</p>

Ki kalite Règleman:	PIBLIK	Kategori: Jesyon Revni
Tit:	Règleman Asistans Finansye	Règleman #: 1001
Paj:	9 sou 10	Ranplase #: 5706-0504 Devlope pa: 
Dat Nimewo:	1^{me} Oktòb 2016	Apwouve pa: Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni
Dat revizyon:	03/2018	Öganis otorize nan Konsèy Administrasyon Orlando Health

	<p>Orlando Health UF Health Cancer Center 1400 South Orange Avenue Orlando, FL 32806-2036 321.841.1869</p> <p>Orlando Health Orlando Regional Medical Center 1414 Kuhl Avenue Orlando, FL 32806-2008 321.841.5111</p> <p>Orlando Health South Lake Hospital 1900 Don Wickham Drive Clermont, FL 34711-1979 352.394.4071</p> <p>Orlando Health South Seminole Hospital 555 West State Road 434 Longwood, FL 32750-5119 407.767.1200</p> <p>Orlando Health Winnie Palmer Hospital for Women and Babies 83 West Miller Street Orlando, FL 32806-2031 321-843.1110</p>
--	--

IV. **DOKIMAN:**

Ou ka sèvi avèk lyen yo ki site anba a pou w ale nan metòd sipò ki gen rapò ak règleman an.

- A. Règleman sou Bòdwò ak Koleksyon pou Pasyan (Peye Limenn), 1017:
OrlandoHealth.com/FinancialHelp:
- B. Lis Founisè swen Orlando Health: OrlandoHealth.com/FinancialHelp

Ki kalite Règleman:	PIBLIK	Kategori: Jesyon Revni
Tit:	Règleman Asistans Finansye	Règleman #: 1001
Paj:	10 sou 10	Ranplase #: 5706-0504 Devlope pa: 
Dat Nimewo:	1^{mye} Oktòb 2016	Apwouve pa: Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni
Dat revizyon:	03/2018	Öganis otorize nan Konsèy Administrasyon Orlando Health

- C. Gid Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ozetazini pou Nivo Povrete:
<http://aspe.hhs.gov/POVERTY/14poverty.cfm>
- D. Aplikasyon pou Asistans Finansye: <OrlandoHealth.com/FinancialHelp>
- E. Rezime nan Langaj Klè:
<OrlandoHealth.com/FinancialHelp>
- F. Tradiksyon lang etranje: <OrlandoHealth.com/FinancialHelp>
- G. Dokiman finansye sit entènèt Orlando Health: <OrlandoHealth.com/FinancialHelp>
- H. Rejis Federal Vol. 79 No. 250: <https://www.gpo.gov/fdsys/pkg/FR-2014-12-31/pdf/2014-30525.pdf>

V. REFERANS:

VI. ATACHMAN: